CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #३४

२९।२।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोरोना रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचारमे परिचालन कएलगेल जनशक्ति पर्याप्त छै त ?

६७५९१

अखन परिचालन भेल जम्मास्वास्थ्यकर्मी



उपरका तथ्यांक देखबै त, क्वारेन्टिनमे रहल करिब ४७ कोई मे सँ १ कोईके संक्रमण पुष्टि भेल देखाईत अछि । अहि अनुपातमे, यदि आईसोलेशनमे रहवलाके संख्या १० हजार पुगत त, क्वारेन्टिनमे रहवलाके संख्या ४६८७५१ पुगत । एना भेलापर, प्रति स्वास्थ्यकर्मीके ७ कोईके रेखदेख कर परत से देखाईत अछि । कि अअखनके गतिमे संक्रमितके संख्या बढैत जेतै त, अखन उपलब्ध जनशक्ति पर्याप्त हेतै त ?

स्रोतः https://www.facebook.com/eKantipur

### अहिलेको अवस्था

| ३६७५ | १,७२,२६६ |
| --- | --- |
| आईसोलेशनमे रहल पुष्टि भेलहा केससभ | क्वारेन्टिनमे रहल आदमीसभके संख्या |

जम्मा संख्या १,७२,२६६

### अनुमानित अवस्था

| १०,००० | ४,६८,७५१ |
| --- | --- |
| अनुमानित आईसोलेशनमे रहवलाके संख्या | क्वारेन्टिनमे रहवलाके संख्या |

जम्मा संख्या ४,७८,७५१

## नेपाल अपडेट



कर्णाली प्रदेशको राजधानी वीरेन्द्रनगरको प्रवेशद्वार सुर्खाकुनाबाट भारतबाट आएका व्यक्तिहरुलाई टिप्परमा हालेर गाँउ लगिदै ।

तस्बिरः दिनेश गौतम

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षणः १,१५,९३०

पोजेटिभः ४,६१४

उपचाररतः ३,७३८

मृत्यु : १५




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



**अखन स्थानीय स्तरमे बाँट्लगेल खाद्य वस्तुसभ गुणस्तरहिन छै । उजुरी कत करबै ?**

अखनके परिस्थितिमे खाद्य पदार्थके बेच बिखन तथा राहत बाँट्मे खाद्य पदार्थके गुणस्तर सम्बन्धी कोनो कैफियत देखेलापर या भेटलामे खाद्य प्रविधि तथा गुणस्तर नियन्त्रण विभाग या मातहतके कार्यालयमे शिकायतके विषयमे आम उपभोक्ता जानकारी करा सकैत अछि ।
सम्पर्क सम्बन्धी विस्तृत विवरणके लेल निचा देलगेल लिंक खोईलक देखब ।

स्रोत: http://dftqc.gov.np/ne/noticedetail/31/2020/85448947



**सबैदिस सामाजिक दुरी लागु भेला सँ कारागारके अवस्था कि छै ? कोई अनुगमन करैछै कि नै करई छै ?**

कोई विश्व स्वास्थ्य संगठनद्वारा निर्धारण करलगेल मापदण्ड अनुसार ३ फिटके सामाजिक दुरी कायम भेल छै कि नै ? नेपाल सरकारद्वारा तोकल गेल पच्चीस कोई सँ बेसी जम्मा होब नै पाबके मापदण्ड लागू भेल छै कि नै ? नयाँ कैदी बन्दीके अलग्गे राखल जाई छै कि नै ? कहिक अनुगमनके लेल महान्याधिवक्ताके कार्यालय सँ चेकलिष्ट निधारण करने छै ।

स्रोत: https://ag.gov.np/oag-post/1785



**कोरोनामे खर्च भेल सरकारी बजेटके अख्तियार नै देखतै ?**

उजुरी परलापर या नै परलापर सेहो कोरोना नियन्त्रण तथा रोकथामके नाममे भेल सब सरकारी खर्चके अनुसन्धान अख्तियार दुरुपयोग अनुसन्धान आयोगके कर पाबके कानुनी प्रावधान छै । पत्रपत्रिकामे आयल सूचना आ समाचारके आधारमे सेहो अख्तियार छानबिन क सकैय । अख्तियार दुरुपयोग अनुसन्धान आयोग ऐन आ भ्रष्ट्राचार निवारण ऐन अनुसार अनुसन्धान कलक विशेष अदालतमे अख्तियार मुद्धा चलाब सकैय ।

स्रोत: अधिवक्ता महेन्द्र पाण्डे, अध्यक्ष, पारदर्शी सरोकार समुह, रुपन्देही
सम्पर्क : ९८५७०३२६०१



**कर्णाली प्रदेशमे कोभिड - १९ के पिसिआर परिक्षणके नतिजा आबमे किया ढिलाई भ रहल छै ?**

स्थानीय तहमे स्वाबके नमुना बेसी संकलन भेनाई आ प्रदेश स्तरमे परिक्षणके क्षमता ओहि अनुरुप नै भेलासँ पिसिआर परिक्षणके परिणाम आबमे ढिलाई भरहल छै । अई प्रक्रियाके व्यवस्थित कराबला प्रदेश सरकार स्वाब संकलनके प्राथमिकताके तह तोक मातहतके निकायके परिपत्र जारी केने छै । ।

स्रोत: कर्णाली प्रदेश, सामाजिक विकास मन्त्रालय

**WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब**

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






**COVID-19**
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ **३२१००** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

**साउदी अरब**
३,३४,४५१ नेपाली
१,१२,२८८ संक्रमित
१३६४ नेपाली संक्रमित
८ मृत्यु भएका नेपाली

**कुवेत**
७१,१९३ नेपाली
३३,८२३ संक्रमित
६५० नेपाली संक्रमित
२ मृत्यु भएक नेपाली

**बहराईन**
२६,००० नेपाली
१६,६६७ संक्रमित
३११ नेपाली संक्रमित
३ मृत्यु भएका नेपाली

**कतार**
४,०६,९१७ नेपाली
७३,५९५ संक्रमित
६,९११ नेपाली संक्रमित
१ मृत्यु भएका नेपाली

**युएई**
२,२४,९०५ नेपाली
४०,५०७ संक्रमित
१६०० नेपाली संक्रमित
१९ मृत्यु भएका नेपाली

**ओमान**
१७,०५७ नेपाली
१९,९५४

**मलेसिया**
५,००,००० नेपाली
८,३६९ संक्रमित
८१ नेपाली संक्रमित

**दक्षिण कोरिया**
३८,८६२ नेपाली
११,९४७ संक्रमित



गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## यु.ए.ई.द्वारा देल जारहल आममाफी आ रद्द भेल भिषा सम्बन्धि भेल दुबिधा सम्बन्धि जानकारीत

मार्च १ के बाद रेसिडेन्सी भिषा, पर्यटक भिषा आ भिजिट भिषा खतम् भेलहासभके स्वत: ३१ मई २०२० तकके लेल अवधी थपाजेतै । अपन भिषाके विषयमे बुझ्के लेल अई लिंकमे जायब । https://smartservices.ica.gov.ae/echannels/web/client/default.html#/fileValidity



मार्च १ सँ पहिले भिषाके अवधी खतम्भेलहासभके सेहो जरिवाना नै तिरक फिर्ता आब पायत । कम्पनी छोईरक भागलसभके सेहो ई सुविधा भेटत । ई सुविधा १८ अगष्ट २०२० तक लागु हेतै । अईके लेल निचादेलगेल प्रकृया पुरा कर परत:



रेसिडेन्सी भिषा - सिधे एयर टिकेट आ पासपोर्ट या ट्राभल डकुमेन्ट लऽक एयरपोर्ट जाऊ ।

टुरिष्ट भिषा र भिजिट भिषा - सारजाह, आबुधाबी आ रास अल खैमा के एयरपोर्टमे ६ घण्टा पहिले पुगला सँ हेतै त दुबई एयरपोर्टमे ४८ घण्टा पहिलेहे क्लियर कर परतै ।

दुवई एयरपोर्ट प्रयोग करवलासभके लेल उडान होब सँ ४८ घण्टा पहिले अल गिसेस (Al Qusais police station) टर्मिनल २ मे जाऽक क्लियर कर परत ।



यदि भिषा मार्च १ के बाद रद्द भेल छै त, स्वत: डिसेम्बरतकके म्याद नैबढ्लाके कारण आममाफीके प्रयोग कऽक १८ अगस्ट २०२० सँ पहिले अपन देश फिर्ता आईबजाय परत ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

करिब १ अर्ब ४८ करोड

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

करिब २ अर्ब २६ करोड

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

करिब १ अर्ब ८ करोड

रक्षा मन्त्रालय माफर्त कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

२ अर्ब ३४ करोड निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.३ करोड | करिब ६१ करोड | करिब ४० करोड | करिब १५ करोड | करिब २३.६ करोड | करिब ५० करोड | करिब ४०.२ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १७.८ करोड | करिब १७.७ करोड | करिब १२.३ करोड | करिब ९.२ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १३.२ करोड | करिब २०.१ करोड |

## प्रदेश नं. १, बागमती प्रदेश आ गण्डकी प्रदेशमे जम्मा भेल रकम आ खर्च




यद्यपी प्रदेश नं. १ संक्रमितके संख्या बेसी होबवला प्रदेश छै । लेकिन, उपरके तथ्यांकसँ संक्रमितके अनुपातमे ओई प्रदेशमे आन्तरिक कोषमे सँ छुट्याओलगेल रकम बागमती प्रदेश आ गण्डकी प्रदेशके तुलनामे एकदमे कम रहल देखाईत छै । अईसँ प्रदेश नं. १ मे संघीय सरकार आ बाह्य निकायसँ रकम जुटावपरके जरुरत छै कहि देखाबैत छै । ई प्रदेशसभके खर्चके विवरण सार्वजनिक करलाके बादो विस्तृत विवरण अखनो सार्वजनिक कर बाँकी छै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग कदेब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# लकडाउनमे भारत सँ फिर्ता आयल नेपालीसभके व्यवस्थापन

डेमोक्रेसी रिसोर्स सेन्टर नेपाल सरकारके तीनु तकके कोभिड - १९ के संक्रमण रोकथाम आ नियन्त्रण कर प्रयोग कयलगेल उपायके विषयमे बहुतोरास सरोकारवालासभसंगे करलगेल फोन संवाद, आधिकारीक रिपोर्ट तथा प्रतिवेदनके विश्लेषण आ बहुतो सञ्चार माध्यममे प्रकाशित समाचारके आधार माईन कल अद्यावधिक प्रतिवेदन प्रकाशित करने अछि । अई प्रतिवेदनके बेसी मात्रामे भारत सँ फिर्ता आयल कामदारके सामना करपरल विविध चुनौती आ ओकरसभके व्यवस्थापनके प्रयास सम्बन्धी निचादेलगेल शिर्षकमे चर्चा करत ।

०१ दैनिक हजारोंके संख्यामे नेपाल फिर्ता आईबरहल

०२ नेपाल प्रवेश कएल नागरिकके व्यवस्थापन

०३ नागरिकके बढैत दबावके बाद क्वारेन्टिन सञ्चालन आ व्यवस्थापन

०४ क्वारेन्टिनमे नागरिक सुरक्षा

०५ परिक्षण सुविधा आ सामानके आपुर्ति

०६ तीन तहके सरकारबीच तालमेलमे काज केनाई

अखनला संघ सरकार समानीकरण अनुदान रकमान्तर कलक खर्च कर स्थानीय तहके निर्देशन देलाक तैयो सशर्त रकम व्यवस्थापन कर प्रदेश आ संघ सरकारके रस्ता खोईल देबके सुझाव जनप्रतिनिधीके छै । बड्का संख्यामे आईबरहल नागरिकके परिक्षण नै कलक घर पठेनाई आ मापदण्ड नै पुगल क्वारेन्टिनमे राखवला कामसँ संक्रमण फैलके सम्भावना आरो बढा देने छै । क्वारेन्टिनमे रहल नागरिकके व्यवस्थापन करके सम्पूर्ण दायित्व स्थानीय तहके मात्रे छोरब आ अखनेके जेहन परिक्षणके गति कम हेतै त संक्रमण सहजे नियन्त्रण कर नै सकब तेना फैल सकैय ।

कृपया पुरा रिपोर्ट (नेपाली र अंग्रेजी) मा पढ्न यो लिंकमा क्लिक गर्नुहोस्:
https://www.democracyresource.org

DEMOCRACY RESOURCE CENTER

accountabilitylab NEPAL

सही सूचना

# नेपालके सन्दर्भमे छनौट करलगेल ई जिलाके तुलनामे आरो जिलामे जोखिम कम भेल देखाई छै

## १०० कोई सँ बेसी संक्रमण देखायल जिलासभ




उपर देखायल गेल कोभिड-१९ सँ १०० कोई सँ बेसी संक्रमण देखायल जिलासभके सूची छै । अई १३ जिलामे रहल संक्रमितके संख्या जम्मा संख्याके ७६.४ प्रतिशत छै । एकर मतलब, नेपालके बहुते क्षेत्रमे कम जोखिम छै । अखन सरकार लकडाउनके मोडालिटी परिवर्तन करके दिशामे आगु बढल अछि । उच्च सुरक्षा सावधानीके साथ एकरा कार्यान्वयन करल जाय त देशके अर्थतन्त्र चलायमान हेतै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs